



Olga Hugelmeyer
Superintendent of Schools

23 Novanm 2020

A Fanmi nan Program Otis Lekòl Piblik Elizabeth yo:

Angajman a kominote aprantisaj nou an se te reouvri lekòl yo avèk anpil prekosyon pandan ap depase atant minimòm yo pou mete sante ak sekirite an premye pou kominote aprantisaj nou yo epi pou bay enstriksyon-wo kalite a elèv nou yo.

9 Novanm, baze sou mezi yo nan moman sa ak konsèy nan men ofisyèl sèvis sante yo, nou te prepare epi ofisyèlman ouvri pòt nou yo pou bay sipò aprantisaj anpèsòn program elèv otis nou yo nan Faz I, itilize rekòmandasyon pwotokòl sèvis sante avèk sekirite pou fè tranzisyon an san danje epi ak anpil responsabilite. Pandan ke efò sa yo te reyisi, nan kontinye ap siveye a mezi sa yo, jou ki te vin apre yo te montre yon ogmantasyon rapid nan ka koronavirus nan gran kominote a e lòt moun.

An konsiltasyon avèk otorite sèvis sante lokal yo, Program anviwònman aprantisaj Otis nou an pral retounen konplètman adistans imedyatman apre lekòl jodi a, 23 Novanm. Sipèvizè Sèvis Espesyal nou yo ak manm ekip Child Study yo pral kontakte paran program otis nou yo semèn sa ak plis enfòmasyon.

Aksyon sa yo vini kòm yon rezilta nan ka koronavirus yo kap ogmante ak yon responsablite tèt asanm travay pou ralanti vitès viris la pou l pa gaye. Mwen ankouraje nou tout pou nou rete an sekirite e an sante lè nou swiv mezi sèvis sante aktyèl yo mande, ki gen ladan mete kouvèti figi, kenbe yon distans 6 pye avèk moun ki pa rete lakay ou, epi evite reyini avèk anpil moun lè sa posib.

Mèsi pou pasyans ak sipò ou pandan nap travay ansanm pou travèse moman difisil sa yo. Rete an sekirite epi pote w byen.

Sensèman,

Olga Hugelmeyer

Office of the Superintendent of Schools